# Gid esplikatif CELLA pou lane 2011

## Objektif CELLA

Eta Florid itilize Evalyasyon Konplè Aprantisaj Lang Angle (Comprehensive English Language Learning Assessment- CELLA) kòm zouti pou mezire pwogrè Moun k ap aprann Lang Angle (English Language Learners- ELL) yo pou aprann Angle ; kifè, y ap devlope konpetans ki nesesè lekòl pou atenn nivo akademik pi elve. Si w bezwen plis enfòmasyon konsènan CELLA, li Tiliv Enfòmasyon CELLA pu 2011 lekòl la distribye. Al gade wèbsayt CELLA Eta Florid nan http://www.fldoe.org/aala/cella.asp pou jwenn plis enfòmasyon osijè CELLA e pou telechaje Gid Esplikatif nan lang ki annapre yo :

- Angle
- Panyòl
- Arab
- Chinwa/Zhongwen
- Franse
- Kreyòl Ayisyen
- Pòtigè
- Ris
- Tagalòg
- Urdu
- Vyetnamyen

## Kijan yo itilize nòt CELLA yo

CELLA ofri paran ak pwofesè enfòmasyon sou chak elèv anpatikilye. Li bay lekòl, distri ansanm ak Eta a enfòmasyon sou pèfòmans pwogram lekòl yo.

CELLA founi prèv sou efikasite pwogram yo konfòmeman ak Tit I e Tit III Pa Kite Okenn Timoun Dèyè (No Child Left Behind- NCLB). NCLB oblije lekòl ak distri yo pou yo atenn objektif efikasite Eta a pou amelyore konpetans Moun k ap aprann Lang Angle yo. Egzijans efikasite sa yo rele Objektif Akonplisman Mezirab Anyèl (Annual Measurable Achievement Objectives- AMAO).

Eta yo oblije fè rapò sou pwogresyon twa (3) AMAO yo :

1. Progresyon pou devlope konpetans nan Lang Angle
2. Kilè moun k ap aprann Angle ap gen konpetans nan Lang Angle tout bon vre
3. Progresyon anyèl apwopriye ELL yo nan lekti akademik ak matematik

Objektif anyèl yo dwe fikse pou chak objektif sa yo. Distri ki pa ranpli objektif pou tout twa (3) AMAO yo dwe avèti paran tout ELL yo osijè pèfòmans distri a. Yo dwe pibliye Avi sa a, si posib, nan lang natifnatal paran yo pou yo sa konprann li. Si w beznwe plis enfòmasyon konsènan NCLB, al gade nan http://www.fldoe.org/nclb.

QAI07281

# Rapò sou Elèv CELLA pou lane 2011

Chak elèv ki pase CELLA a pral resevwa yon Rapò sou Elèv ki gen ladann enfòmasyon konsènan pèfòmans li nan tès la. W ap jwenn yon echantiyon paj devan Rapò sou Elèv la anba la a. Lèt A, B e C koresponn ak deskripsyon enfòmasyon yo founi yo.

*Florida Comprehensive English Language Learning Assessment*

**2011 Student Report**

(A)

Student Name: **FIRST NAME MI LAST NAME**
Student ID#: **0123456789** Date of Birth: **mm/dd/yyyy**
Home Language: **Spanish** Test Date: **mm/dd/2011**
Grade: **12** Test Level: **D**
School: **(1234) SCHOOL NAME - MAX 40 CHARACTERS**
District: **(12) DISTRICT NAME - MAX 40 CHARACTERS**

Students are assigned a scale score for each subject. This scale score is a conversion of the points scored for a subject to a common scale that allows for a comparison between students and summarizes the overall level of performance attained by each student.

(B)

**LISTENING/SPEAKING**

- Proficient *739–835*
- High Intermediate *714–738*
- ◀ 715
- Low Intermediate *682–713*
- Beginning *580–681*

Listening
Points Scored 16
Possible Points 22
Speaking
Points Scored 17
Possible Points 24

Scale Score **715**

**High Intermediate**

**READING**

- Proficient *778–820*
- High Intermediate *762–777*
- ◀ 759
- Low Intermediate *744–761*
- Beginning *605–743*

Reading
Points Scored 18
Possible Points 26

Scale Score **759**

**Low Intermediate**

**WRITING**

- Proficient *746–850*
- High Intermediate *721–745*
- Low Intermediate *690–720* ◀ 697
- Beginning *600–689*

Writing
Points Scored 21
Possible Points 39

Scale Score **697**

**Low Intermediate**

(C)

| Listening/Speaking Sub-Scores | Points Scored | Points Possible |
|---|---|---|
| **Listening - Sentences**<br>This score measures the student's ability to understand a single sentence that describes a picture. | 6 | 8 |
| **Listening Comprehension - Short Talks**<br>This score measures the student's ability to understand short listening passages. | 5 | 8 |
| **Listening Comprehension - Extended Speech**<br>This score measures the student's ability to understand extended listening passages, including passages that present academic information. | 5 | 6 |
| **Speaking Vocabulary**<br>This score measures the student's knowledge of oral vocabulary. | 3 | 6 |
| **Speaking - Asking Questions**<br>This score measures the student's ability to ask questions accurately and appropriately. | 6 | 8 |
| **Speaking - Extended Speech**<br>This score measures the student's ability to express an opinion, retell a story, and talk about information shown in a graph. | 8 | 10 |

| Reading/Writing Sub-Scores | Points Scored | Points Possible |
|---|---|---|
| **Reading Vocabulary**<br>This score measures the student's ability to read and understand vocabulary words. | 6 | 9 |
| **Reading Comprehension**<br>This score measures the student's ability to understand reading passages, including passages that present academic information | 12 | 17 |
| **Writing - Grammar**<br>This score measures the student's ability to answer questions related to English grammar, sentence structure, and word choice. | 5 | 9 |
| **Writing - Sentences**<br>This score measures the student's ability to write descriptive sentences and to write questions. | 6 | 12 |
| **Writing - Paragraphs**<br>This score measures the student's ability to write paragraphs. | 7 | 12 |
| **Writing - Editing**<br>This score measures the student's ability to identify errors in grammar, mechanics, and word choice. | 3 | 6 |

NT (Not Tested) – Student answered too few items to receive a score or student not tested for the subject.
ET (Exempt from Test) – Student was not tested due to being exempted from the subject
NS (No Score) – Test was invalidated.
OLT (Off Level Test) – Test level not appropriate for student's grade level.
* For information regarding performance, please see the information provided on the back of this report.

## (A) Enfòmasyon sou elèv

Seksyon sa a montre non, nimewo idantite, dat nesans, lang natifnatal, nòt ak nivo tès la. Epitou, seksyon sa a bay enfòmasyon osijè lekòl ak distri a ki te administre elèv la tès CELLA a.

## (B) Nòt selon Echèl notasyon a

Seksyon sa a rezime pèfòmans elèv la pou chak seksyon (Konpreyansyon/Ekspresyon, Lekti ak Ekriti) nan CELLA a. Enfòmasyon sila yo endike nan bwat ble yo :

**Nivo pèfòmans** la endike grasa yon flèch nwa ki pwente sou ranje Nivo Pèfòmans elèv la (Debitan, Entèmedyè Fèb, Entèmedyè Avanse ak Konpetan) e li montre kijan nòt elèv la ye pa rapò ak tout nòt moun kapab resevwa pou seksyon tès sa a. Ranje Nivo Pèfòmans pou chak seksyon liste yon lòt fwa anba bwat ble yo.

**Pwen ki anrejistre** se kantite pwen elèv la make nan seksyon tès sa a.

**Pwen ki posib** se kantite pwen elèv la ta make si li te jwenn tout repons yo.

**Nòt selon echèl notasyon** montre pèfòmans elèv la nan chak seksyon tès la.

Nòt :

Lè **NT** (Pa teste) parèt nan kèlkeswa Nòt ki baze sou Echèl notasyon, sa vle di elèv la pa t reponn ase kesyon nan tès la pou yo kapab bay li yon nòt pou tès la yo konsidere ki valab.

Lè **ET** (Egzanpte pou pase Tès la) make nan kèlkeswa bwat Nòt ki baze sou Echèl notasyon an, sa vle di elèv la pa t fè seksyon tès sa a.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou rezon pouki elèv la pa t resevwa yon nòt oswa li te egzanpte, kontakte pwofesè elèv la.

## Ⓒ Sou-nòt

Seksyon sa a nan Rapò sou elèv la endike sou-nòt yo. Yo konn bay sou-nòt pou Konpreyansyon/Ekspresyon ak pou Lekti/Ekriti. Sou-nòt sa yo bay plis detay osijè fòs ak feblès elèv la genyen lekòl.

Yo konsidere sou-nòt tankou « nòt brit », ki gen ladann kantite pwen elèv la make pou chak repons ki kòrèk pou seksyon tès sa a. Kifè, sou-nòt valab sèlman an rapò avèk tès la e moun pa kapab konpare sa kit e genyen yon lane avèk sa ki genyen yon lòt lane.

Konsènan elèv k ap pase Nivo A, lè yo adisyone kantite pwen ki posib pou moun make nan sou-nòt pou yon seksyon, yo gendwa pa bay kantite maksimòm pwen moun kapab make pou seksyon tès la globalman. Se paske gen sèten eleman tès la ki enkli nan nòt global la, men ki pa antre nan sou-nòt yo.

## Kòmantè anba paj la

Kòmantè anba paj la sitye anba sou-nòt yo anba paj Rapò sou elèv la. Yo defini abrevyasyon ki gendwa parèt sou Rapò sou elèv la.

**NT** (Pa teste) – Elèv la pa t reponn ase kesyon pou yo te kapab bay y]li yon nòt oubyen yo pa t teste elèv la sou seksyon sa a.

**ET** (Egzanpte pou pase tès la) – Yo pa t teste elèv la poutèt li te benefisye egzanpsyon pou l pa pase seksyon sa a. Elèv ki pa tande oubyen ki malantandan se sèl moun ki gen dwa benefisye egzanpsyon pou yon seksyon nan tès la.

**NS** (Pa gen nòt) – Yo deside anule tès elèv la pou seksyon sa a.

**OLT** (Nivo Tès la pa bon) – Nivo tès la pa t apwopriye pou nivo nòt elèv la.

# Kijan pou w entèprete Nòt CELLA ki baze sou echèl notasyon an

Deskriptè Nivo Konpetans yo esplike chak Nòt ki baze so echèl notasyon an anske li dekri sa elèv la konnen e sa li kapab fè ann Angle. Entèval Nòt ki baze sou Echèl notasyon an, depi nòt ki pi ba ki posib pou genyen rive jiska nòt ki pi wo a, endike anba la a pou chak seksyon nan tès la :

### Scale Score Ranges

| LISTENING & SPEAKING SKILLS | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Grades** | **K-2** | **3-5** | **6-8** | **9-12** | **Proficiency Level Descriptors** |
| Beginning | 495-632 | 560-675 | 565-680 | 580-681 | Student speaks and understands spoken English that is below grade level. |
| Low Intermediate | 633-649 | 676-697 | 681-712 | 682-713 | Student speaks in English and understands spoken English that is at or below grade level. |
| High Intermediate | 650-672 | 698-719 | 713-732 | 714-738 | Student, with minimal support, speaks in English and understands spoken English that is at grade level. |
| Proficient | 673-755 | 720-805 | 733-830 | 739-835 | Student speaks in English and understands spoken English at grade level in a manner similar to non-ELL students. |

| READING | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Grades** | **K-2** | **3-5** | **6-8** | **9-12** | **Proficiency Level Descriptors** |
| Beginning | 345-545 | 590-689 | 600-713 | 605-743 | Student reads in English below grade level text. |
| Low Intermediate | 546-628 | 690-714 | 714-741 | 744-761 | Student reads in English at or below grade level text. |
| High Intermediate | 629-689 | 715-733 | 742-758 | 762-777 | Student reads in English at grade level text with minimal support. |
| Proficient | 690-800 | 734-810 | 759-815 | 778-820 | Student reads in English at grade level text in a manner similar to non-ELL students. |

| WRITING | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Grades** | **K-2** | **3-5** | **6-8** | **9-12** | **Proficiency Level Descriptors** |
| Beginning | 515-636 | 575-674 | 580-687 | 600-689 | Student writes in English below grade level and requires continuous support. |
| Low Intermediate | 637-657 | 675-702 | 688-719 | 690-720 | Student writes in English at or below grade level and requires some support. |
| High Intermediate | 658-689 | 703-726 | 720-745 | 721-745 | Student writes in English at grade level with minimal support. |
| Proficient | 690-775 | 727-825 | 746-845 | 746-850 | Student writes in English at grade level in a manner similar to non-ELL students. |

Entèval nòt yo ansanm ak deskripsyon nivo konpetans nan Lang Angle make anba paj Rapò sou elèv la.